



Pwogram pou ede moun peye dediktib asirans yo nan ka dezas Kesyon moun poze souvan (FAQs)

16 novanm 2022

Ki dokiman m ap bezwen pou m ranpli aplikasyon m nan?

Yon aplikasyon ki konplè ap gen ladan, o minimòm, dokiman sa a yo:

- Aplikasyon an (5 paj): Moun ki ap jere fwaye a dwe ranpli aplikasyon an.
- Fòm pou pèmèt moun bay enfòmasyon: Pou tout moun ki gen 18 an oswa ki pi gran ki ret nan kay la.
- Yon kat d idantite leta: Pou tout moun ki gen 18 an oswa ki pi gran ki ret nan kay la.
- Kat sosyal: Pou tout moun ki gen 18 an oswa ki pi gran ki ret nan kay la.
- Lèt ki montre valè lajan leta ba wou: Lajan sosyal ou, Lajan (SSI), Lajan sosyal poutèt ou andikape (SSDI), lajan ou resevwa kòm veteran, Lajan ou resevwa poutèt ou andikape pou yon bon bout tan, lajan ou resevwa poutèt on nan chomaj (nou pa asepte fòm 1099)
- Salè ou:
 - Souch chèk ou pou yon mwa. Si w ap travay ak tèt ou, fò w prezante taks ou ranpli pandan 2 dènye ane yo plis dosye lajan konpayi ou fè apati kòmansman ane a rive jodi a.
 - Relve kont ou pou mwa a (kont chèk, kont depay, kont aksyon), (Mete tout paj yo)
 - Dènye relve kont 401k ou, pansyon ou, Kont kote ou envesti lajan/IRA, eksétera, (Mete tout paj yo)
- Fòm avètisman pou pran lajan pou kèk Nimewo Sosyal moun ki nan kay la
- Fòm pou moun sètifye pèsonèlman yo sibi dezas
- Prèv ou te ranpli aplikasyon nan FEMA ak rezulta ou te jwenn
- Prèv ou te ranpli aplikasyon asirans sou kay ou ak rezulta ou te jwenn (rapò ajiste a)
- Afidavi asirans pou- rebati nan ka dezas
- Afidavi pou montre ou resevwa doub asistans pou yon dezas – siyen li epi make dat la sou li
- Antant alekri pou asistans nan ka dezas nan pwogram (SHIP) la (State Housing Initiatives Partnership program) siyen li epi make dat la sou li
- Paj kontra asirans sou kay ou ak asirans pou inondasyon nan kay ou
- Rapò demann ou fè nan asirans lan
- Prèv depo ou fè labank, sa ou pye kontraktè yo (pote resi chèk yo oswa resi kat kredi a)
- Prèv ou te depoze demann nan asirans ou ak lajan yo te peye w
- Prèv lajan yo te ba w davans, si sa aplikab
- Estimasyon kontraktè (Antant)
- Bòdwo kontraktè a



Èske pwogram k ap ede moun peye dediktib yo ap voye kòb la bay mèt kay la dirèkteman?

Non. Se kontraktè a y ap peye lajan sa a dirèkteman.

Konbyen kòb Collier County pral resevwa nan lajan dezas la epi ki lè Collier County ap jwenn lajan sa a?

Collier County deja resevwa \$334,700 an novanm 2022 pou l sèvi nan Pogram pou peye dediktib la. Lajan sa a disponib pou moun ki vin aplike an premye, moun ki kalifye an premye (ki konplete aplikasyon an) jiskaske lajan sa a fini.

Èske y ap gen dwa peye dediktib pou asirans nan ka inondasyon (dediktib sa yo pa menm ak dediktib pou asirans kay la)?

Wi. Sa se yon depans Collier County an gen dwa fè. Collier County kab ede peye dediktib pou pati nan kay la dlo kraze (men li pa p peye dediktib asirans pou sa ki anndan kay la).

Si yon kay gen domaj epi yon konpayi asirans evalye reparasyon yo ap koute mwens pase montan dediktib la, èske Collier County ap peye kontraktè a dirèkteman pou travay la?

Si demann nan mwens pase dediktib la, ou pa p kalifye pou w resevwa asistans. Yo pa kab sèvi ak lajan pwogram SHIP la pou peye reparasyon ki mwens pase montan dediktib la.

Sa k ap pase si gen yon diferans ant montan asirans lan apwouve a ak estimasyon kontraktè a ki pi wo pase dediktib la?

Pwogram pou ede moun peye dediktib yo a ap peye sèlman pou valè dediktib la.

Sa k ap pase si m pa gen asirans pou kay mwen?

Pwogram sa a se pou peye dediktib asirans sèlman; sa vle di ou p ap kab kalifye pou pwogram nan.

Lajan y ap bay pou peye dediktib asirans lan èske se yon sibvansyon li ye oswa se yon lajan prete moun ap oblige remèt pi devan?

Lajan sa se yon sibvansyon li ye, se tankou yon inisyativ pou ede moun ak kay yo nan Pwogram pou ede moun nan ka dezas nan Patenarya sou afè lojman nan Eta a (State Housing Initiatives Partnership (SHIP). Moun pa bezwen remèt lajan lè se yon sibvansyon.

Sa k pase si dediktib la pi wo pase maksimòm lajan yo ka bay la?



Collier County pa p depase \$20,000 pou peye dediktib asirans mèt yon pwopriyete.

Ki lè y ap kòmanse voye kòb s a? Èske yo kab bay moun lajan pwogram SHIP la anvan konpayi asirans la peye kontraktè a?

Non. Y ap bay lajan pwogram SHIP la nan 60 jou apre kontraktè a fin fè travay la lè vil la fin fè enspeksyon final oswa lè Biwo konstriksyon nan Collier County fin asepte tout enspeksyon yo.

Èske Collier County kab asepte aplikasyon nan men mèt kay ki poko resevwa desizyon final yo nan men konpayi asirans yo konsènan valè lajan konpayi asirans lan ap peye pou fè reparasyon yo? Èske nou kapab asepte aplikasyon nan men mèt kay ki poko resevwa chèk asirans lan gen pou l voye ba yo pou repare kay yo?

Wi. Tou de ka sa yo aseptab. Men pwogram SHIP la pa kab bay desizyon final li tout otan konpayi asirans la pa bay yon desizyon final sou demann nan. Sa enpòtan pou n pa blyie se sèl aplikasyon ki konplè lè moun nan remèt aplikasyon an Collier County ap tcheke. Si ou pa gen desizyon final konpayi asirans lan, aplikasyon w lan poko konplè.

Èske m dwe fatige tèt mwen pou kesyon doub asistans pou menm bagay lè m ap peye dediktib asirans mwen?

Chak granmoun ki nan yon kay/ chak mèt kay dwe siyen fòm Afidavi Doub asistans. FEMA pa peye dediktib asirans pou moun, men gen kèk lòt sous finansman ki kab peye pou sa.

Kòm FEMA pa ede moun peye dediktib asirans yo, kouman m kab konfime si FEMA peye oubyen si yo pa pral peye pou fè reparasyon?

Apa de fòm Afidavi Doub asistans lan, ou pral siyen yon Fòm pou pèmèt kèk biwo bay enfòmasyon sou wou, epi fò ou bay prèv ki desizyon FEMA pran konsènan asistans yo ba wou.

Kouman y ap apwouve moun ki aplike yo?

Se sèl moun ki ranpli kondisyon konsènan valè lajan y ap fè ak kèk lòt kondisyon epi ki ranpli aplikasyon an o konplè, se yo sèl ki kab resevwa finansman.

Sa sa vle di nan ki etap aplikasyon m nan ye?

Sa yo se definisyon tout etap yo:

- Processors (Pwosesè): Moun sa yo se yo ou dwe kontakte; y ap tcheke aplikasyon w lan pou yo wè si w kalifye epi y ap tcheke tout dokiman w yo. Pwosesè yo va voye imel ba wou si yo gen nenpòt kesyon.



- Reviewer (Enspektè): Anplwaye Minisipalite ap verifye tout dokiman ki nan dosye a epi l ap verifye si aplikasyon an konplè pou l vanse pi devan.
- Fiscal (Finans): Anplwaye nan biwo finans minisipalite a ap verifye dosye w la.
- Management Review (Administrasyon an ap Tcheke dosye w la): Anplwaye minisipalite a ap fè yon dènye tchèk nan aplikasyon w lan.
- Incomplete (Enkonplè): Dosye w la manke kèk dokiman epi moun ki aplike a gen 10 jou pou l bay pwosesè a dokiman ki manke yo san pa sa y ap refize demann ou fè a.
- Pending (Dosye a ap tann): Grefye tribunal la ap tcheke dosye w la pou l kab fè peman an.
- Clerk Payment (Grefye a peye): Grefye tribunal la peye kontraktè a.

Konbyen tan sa ap pran pou yo travay sou aplikasyon m nan?

Sa kab pran jiska 120 jou pou yo travay sou aplikasyon w lan. Sa kab pran plis tan toujou si aplikasyon w lan manke kèk enfòmasyon ou te dwe bay.

Èske mwen dwe pran plis pase yon sèl devi pou reparasyon mwen pral fè yo?

Sa pa nesesè pou yon mèt kay gen plizyè devi si l déjà chwazi yon kontraktè lè l ranpli aplikasyon an.

E si konpayi asirans lan ap peye pou reparasyon mèt kay la vle fè pou kont li tankou (pentire, repara kloti a, eksetera)?

Pwogram nan kab peye pou dediktib yo depi gen yon kontraktè ki mele nan fè reparasyon yo. Pwogram nan pa ranbouse mèt kay.

Èske pwogram nan ap kab peye pou dediktib asirans mèt yon kay ki sou wou (ki mobil) si mèt kay se lwe li lwe teren kote li met kay la?

Mèt kay ki gen yon kay mobil ki fèt an jen 1994 oswa apre sa kapab resevwa asistans pou peye dediktib asirans menm si kay la se sou yon tè fèm li ye, tankou nan yon lokal kote gen anpil kay mobil.